

**PIRIDAN
PARAMASA STRA
JAWI ANYAR**

Kangge siswa :
SPG / KPG

dening :
Soewarti

Guru Bahasa Jawi ing SPG Negeri
SURAKARTA

P U R W A K A

Pawitanipun tiyang sinau basa punika seneng maos tuwin wirengaken cariyos-cariyos ingkang sae ingkang basanipun nengsemaken, sregep ngothak-athik saha kulinina nglelatih ngrakit ukara damel karangan.

Serat "Piridan Paramasastra Jawi Anyar" punika ing pangangkah kenginga kangge cepengan, para siswa anggenipun nyemak, naliti saha ndhapuk tembung-tebung ingkang leres saha maton.

Wondene ingkang karembag wonten ing buku punika saweg bab jinis tuwin wujuding tembung mawi katrangan ringkes cetha, kadhapuk cara diktat supados gampil-anggenipun nyinau.

Sampun temtu kemawon sanajan katingalipun sampun jangkep mbok menawi inggih taksih wonten cewetipun. Pramila ing pangajeng-ajeng mugi wontena panyaruwe saking para saged ingkang kasdu maos saha suka pamrayogi murih langkung sampurnanipun buku punika.

Wasana mugi ancas-sedyanipun pangripta majengaken pasinaon basa Jawi Anyar saged kaleksanan.

Nuwun.

Surakarta, 20 Januari 1973.

Pangripta.

I S I

Purwaka
Isi

Bab I. JINISING TEMBUNG :

1.	Tembung aran	3
2.	" kriya	4
3.	" kaanan	4
4.	" wilangan	4
5.	" sesulih	4
6.	" panyilah	5
7.	" pangiket	5
8.	" ancer-ancer	6
9.	" sabawa	6
10.	" panerang wasesa	6

Bab II. WUJUDING TEMBUNG :

Pangrimbaging tembung	7
Tembung andhahan	7

A. ATER-ATER :	1. a utawa na	8
	2. anuswara	8
	3. dak, ko, di	11
	4. sa, pa, pi, pra, tar, ka	12
	5. kuma, kani, kapi	16
	6. ka lan ke	17

B. SESELAN :	1. er, el	18
	2. um	19
	3. in	20

C. PANAMBANG	1. i	22
	2. an	23
	3. en	25
	4. ake	26
	5. a	27
	6. ana	28
	7. na	28
	8. ku, mu, e	29

D. PANGRANGKEP		29
----------------	--	----

E. JAMBORAN		36
-------------	--	----

Wuwuhan sawatara bab rimbag		39
-----------------------------	--	----

kaca

1

2

3

4

4

4

4

5

5

6

6

6

7

7

7

8

8

11

12

16

17

18

19

20

22

23

25

26

27

28

28

29

Bab I. JINISING TEMBUNG

Manut jinise tembung iku ana 10. warna, yaiku kang diarani :

- | | | |
|-----|-------------------|---------------|
| 1. | Tembung aran | (substantifa) |
| 2. | " kriya | (verba) |
| 3. | " kaanan | (ajektifa) |
| 4. | " wilangan | (numeralia) |
| 5. | " sesulih | (pronomina) |
| 6. | " panyilah | (artikal) |
| 7. | " pangiket | (konjungsi) |
| 8. | " ancer-ancer | (preposisi) |
| 9. | " sabawa | (interjeksi) |
| 10. | " panerang wasesa | (adverbia) |

1. Tembung aran (substantifa)

Kang diarani tembung aran yaiku tembung-tembung kang mratelakake araning barang (jenenging barang) utawa kang dianggep barang. Cethane yaiku kang maujud lan kang ora katon. Kang ora katon(ora kasat mata) iku sejatine anane mung sajroning pikiran bae.

Tuladha :

a. kang maujud: gunung, wit, watu, meja, klambi, omah lsp.

b. kang ora kasat mata: bebuden, kekuwatan, sesawangan, paseduluran, tekad lsp.

Kajaba saka iku kang uga klebu jinising tembung aran :

a. kang mratelakake jeneng: Sarija, Merapi, Serayu, Indra, Wisnu lsp.

b. kang mratelakake jinis: gajah, omah, manungsa lsp.

c. kang lawa panambang ku, mu, e, : lakuku, guyumu , karepe lsp.

Tembung aran iku yen ana ing ukara kang akeh-akeh madeg dadi jejer utawa lesan, senajan iya ana ukara kang wase-sane tembung aran.

2. Tembung kriya (verba)

Tembung kriya yaiku tembung kang mratelakake pagawean utawa obah.

Tuladha tembung kriya lingga: lunga, adus, tangi lsp.
Tembung kriya andhahan upamane: nulis, digambari, kagawa lsp.

Tembung kriya iku yen dadi wasesaning ukara diarani kriya wasesa.

Ana tembung kriya tanduk upamane: njaluk, mbalang, nggandhuli lsp.

Ana uga tembung kriya tanggap upamane: digawa, katulis, jinalukan lsp.

Tembung kriya iku ana kang mawa lesan (transitif) umpamane : nulis, mangan, njaluk lsp.

Ana uga kang tanpa lesan (intransitif), umpamane: tangi, lunga, adus, nangis, lsp.

3. Tembung kaanan. (ajektifa)

Tembung kaanan iku tembung kang mratelakake sipat , watak utawa kaananing barang utawa kang dianggep barang. Umpamane : Orah iku gedhe.

Banyune anyep.

Klambine abang.

4. Tembung wilangan (numeralia)

Tembung wilangan iku tembung kang mratelake cacah utawa urut-urutan (tataran).

Tembung wilangan kang mratelakake cacah uga diarani - tembung wilangan baku, umpamane : siji, loro, telu lsp
Kang mratelakake urut-urutan (tataran) umpamane: kapisan, kapindho, katelu lsp.

5. Tembung sesulih. (pronomina)

Tembung sesulih iku tembung kang dadi sesulihing barang utawa kang dianggep barang.

Tembung sesulih iku ana warna 5 :

- a. sesulih purusa : aku, kowe, dheweke, lsp.
- b. sesulih pandarbe; wujud panambang: ku, mu, e.
- c. sesulih panuduh: iki, iku, kae.
- d. sesulih panggandheng : sing, kang
- e. sesulih pitakon : apa, sapa.

6. Tembung panyilah (artikel)

Tembung panyilah mono tembung kang kanggo nyi' ah-nyilahake tembung aran.

Tembung panyilah "si" tumrap kang orang pantes diajeni, upamane: Kang jupuk bukuku si pincang.

Tembung panyilah "sang" tumrap kang pantes diajeni. umpanane : Sang prabu miyos sinewaka.

Sang bagawan lenggah ingadhep para cantrik.

Tembung "para" tumrap wong akeh lan pantes diajeni, tuladhane: Para rawuh sedaya kula suwun nyakecakaken anggenipun lenggah.

Para among tani wis padha wiwit nggarap sawahe .

7. Tembung pangiket. (konyungsi)

Tembung pangiket mono gunane kanggo nggandheng tembung loro utawa ukara loro. Dene panggandhene iku si-pate warna-warna:

- a. kang mratelakake pangiket lumrah migunakake tembung : lan, karo, lawan lsp.
- b. kang mratelakake kosok balen, migunakake tembung: nanging.
- c. kang "ratelakake sabab migunakake tembung: sabab, jalaran, amarga, awit, sarehne lsp.
- d. kang mratelakake wektu migunakake tembung: nalika, dhek, bareng, rikala lsp.
- e. kang mratelakake prajanji nganggo tembung: angger, yen, menawa, saupama lsp.
- f. kang mratelakake sedya nganggo tembung: kareben, supaya , murih lsp.
- g. kang mratelakake pepadhan nganggo tembung: kaya, pindha, lir, kadi, kadya lsp.

8. Tembung ancer-ancer (preposisi)

Tembung ancer-ancer iku tembung kang kanggo nggandheng tembung aran karo tembung liyane.

Tembung ancer-ancer iku upamane : ing, menyang(marang) ; saka, dening lsp.

Yen ditrapake ing ukara upamane :

- a. Sarija turu ana ing amben.
- b. Pak Suta lunga menyang Surabaya.
- c. Kangnase teka saka Semarang.
- d. Mati dening aku saiki.

9. Tembung sabawa (interjeksi)

Tembung sabawa mono jan-jane sanajan mung setenburg nanging kena dianggep ukara awit wis kena kanggo uratelakake rasa pangrasa utawa pikiran kang ganep(sampurna). Tembung sabawa iku ana kang kanggo uratelakake. :

- a. rasa pangrasa : adhuh, wah, he lsp.
- b. swara : dhor, thor, dher, dhung lsp.

10. Tembung panerang wasesa: (adverbia)

Tembung panerang wasesa yaiku tembung kang dadi katranganing tembung kriya utawa tembung kaanan utawa kenyatan kang di pratelakake dening ukarane.

Warna-warna tembung kang kagolong panerang wasesa :

- a. Kang aweh katrangan bab wektu: saiki, mengko, lau, sesuk, wingi lsp.
- b. Kang aweh katrangan bab panggonan: ing kene, ing kono, ing kana, mrene, mrono, mrama lsp.
- c. Kang aweh katrangan bab pamesthen: mesthi, ora , mbok menawa, ayake lsp.
- d. Kang aweh katrangan bab gunggung: akeh, sethithik, cukup lsp.
- e. Kang aweh katrangan bab kaanan : becik, dhuwur, banter, rindhik lsp.

Bab. II. WUJUDING TEMBUNG

Pangrimbaging tembung.

Manut wujude tembung iku ana kang diarani :

- a. Wod yaiku tembung sawanda kang wis duwe teges. Upamane: byar, lur, bles, dhor, flung lsp.
- b. Lingga yaiku tembung kang isih wutuh, durung karketan ing ater-ater, seselan, utawa panambang. Kang lumrah wandane ngloro, kayata: watu, lungguh, sikil, awan, teka lsp.
- c. Andhahan yaiku tembung kang wis owah saka asale. Upamane : tetukon, dolanan, wira-wiri, cumawis, laggon, pakaryan lsp.

Tembung andhahan.

Tembung andhahan iku asale saka owah-owahaning tembung lingga. Dene owahe sarana oleh :

- A. ater-ater : 1. a utawa ma.
2. anusvara
3. dak, ko, di.
4. sa, pa, pi, pra, tar, ka.
5. kura, kami, kapi.
6. ka lan ke
- B. Seselan : 1. er, el
2. um
3. in
- C. Penambang 1. i.
2. an.
3. en.
4. ake.
5. a.
6. ana.
7. na.
8. ku, mu, e.
- D. Pangrangkép.
- E. Jamboran.

A. ATER - ATER

1. Ater-ater a lan ma.

Tembung lingga yen oleh ater-ater a utawa ma **rimbage diarani bawa ha.**

Trape ana ing tembung sing diraketi terkadang di kantheni aksara irung (anuswara), terkadang ora.

Tuladha:

a. a + bang	dadi abang	}	kaanan
a + keh	dadi akeh		
a + doh	dadi adoh		
ma + bukuh	dadi mabukuh		
b. a + kembang	dadi akembang	}	darbe, nganggo
a + rupa	" arupa		
a + sikil	" asikil		
a + cundhuk	" acundhuk		
a + caping	" acaping		
a + klambi	" aklambi		
c. ma + ubah	dadi molah	}	obah
ma + laku	" malaku		
ma + lebu	" malebu		
ma + ng + isor	" mangisor		
ma + ng + arep	" mangarep		
ma + ng + kidul	" mangidul		

2. Ater-ater anuswara (,, , ny, ng)

Tembung lingga yen oleh ater-ater anuswara dadi tembung tanduk.

Rimbage diarani rimbag tanduk.

Trape ater-ater anuswara ing tembung lingga mawa-mawa aksara purwaning lingga kang rinaketan ater-ater mau.

a).	Lingga	Aksara purwaning lingga	Anuswara	Andhahane dadi :
	buru	b		mburu
	pangan	p	m	mangan (p luluh)
	walik	w		malik (w luluh)
	dudut	d		ndudut
	dhudhuk	dh		ndhudhuk
	turun	t	n	nurun (t luluh)
	thuthuk	th		nthuk (th luluh)
	jaring	j		njaring
	candhak	c	ny	nyandhak (c luluh)
	surung	s		nyurung (s luluh)
	aku	a		ngaku
	guyu	g		ngguyu
	rimuk	r	ng	ngrimuk
	lunjak	l		nglunjak
	yayi	y		ngyayi
	kurung	k		ngurung (k luluh)

b). Yen purwaning lingga aksara w, ater-ateré anuswara terkadang m utawa ng

wadung	dadi	madung
wonten	"	ng(a)wontenaken
wetu	"	metu
wetan	"	ngetan
wungkal	"	ngungkal

c). Yen linggane apurwa aksara s utawa c, lan "anda candhake c, ty, j, dy, lan s, aksara purwaning lingga dadi n lan sok lira-liru karo ny :

cacah dari	nacah	utawa	nyacah
siji	niji	"	nyiji
susuh	nusuh	"	nyusuh
setya	netyani	"	nyetyani
suci	nuceni	"	nyuceni
sedy a	nedy a	"	nyedya

d). Ana sewenehing tembung aksarane irung nga :

ngabekti asale saka bekti
ngajawa " " jawa.
ngalor " " lor

e), Ana tembung wod, dadine tembung lingga sarana wuwuhan a utawa e ing ngarepe; yen banjur diater-ateri anuswara tegese utawa panganggone ing ukara dhewe-dhewe. Kayata : Wod: lih, bisa dadi alih lan elih.

- a. ngalih = ganti enggon utawa omah ; boyongan.
- b. ngelih = nggawa ngalih; ngganti enggon.

Wod: rit, bisa dadi arit lam erit.

- a. ngarit = golek suket nganggo arit.
- b. ngerit = mancas nganggo arit

Tegesing ater-ater anuswara:

a. Manawa linggane tembung aran, tegese :

1. Nindakake kriya nganggo apa-apa kang kasebut ing linggane. Kayata: numbak, njala, njaring, mluku , menthung, ngala lsp.
2. Memper kang kasebut ing linggane. Kayata: medhi , nggeger sapi , nyeleng,nyoro,ingetumbar ,mucuk bung lsp.
3. Nganggep kaya dene kang kasebut ing linggane.Kayata: ngratu, ngadhi , mbapa, ngakang lsp.
4. Nganakake utawa gawe kang kasebut ing linggane.Kayata: nyembah, nggambar, nulis, jangan, nggule , nyambel lsp.
5. Nglebokake ing sajrone kang kasebut ing linggane. Kayata: ngunjara, nggendhong , ngrangkeng.
6. Ngener utawa marani panggonan kang kasebut ing linggane. Kayata: ngadhaton,ngalor, nengah, minggir.
7. Dadi utawa nglakoni pagawean kang kasebut ing linggane. Kayata: ndhalang, nyantri , nyudagar , mandhe, nukang.
8. Manggon ing panggonan kang kasebut ing linggane. Kayata: ngerong, mondhol, magelaran , masanggrahan.

9. Nanduri palawija kang kasebut ing linggane.
Kayata: njagung, ngetom, ngacang.
10. Menehi utawa ngeteri kang kasebut ing linggane.
Kayata: ngrangsum, nyuguh, mbayar, nyumbang lsp.
- b). Manawa linggane tembung kaanan, tegese :
1. Gawe kang kasebut ing linggane. Kayata: ngremuk, ngrusak, nethel, nyoklek, nyigar, ngempal lsp.
 2. Dadi kang kasebut ing linggane. Kayata: nipis, mecah, nandhes.
 3. Api-api utawa rjarag kang kasebut ing linggane.
Kayata: mbodho, mbisu, ngalah, mbudheg, ngatut, ngeli.
- c). Manawa linggane tembung wilangan, tegese :
1. Siji-sijine samono. Kayata: nyatus, niji, nyameter, matang kati lsp.
 2. Nandhingi utawa nikeli samono. Kayata: ngero, ngepat lsp.
- d). Manawa linggane tembung kriya, tegese :
Nindakake kang lesane gumathok(transitif). Kayata : nuku, nyinau, mbedhol, ngudud, ndhahar, ngedu.
- e). Manawa linggane tembung nanguwuh utawa mratelakake pangucap (uni), tegese :
ngucap utawa nuni kang kasebut ing linggane. Kayata : ngadhuuh, ngaku, nyapa, mbengingen, mbekur lsp.

Rimbag tanduk :

1. Tanduk kriya wantah, kang ora oleh panambang : njupuk, nulis, nggambar, mbalang.
 2. Tanduk i kriya, kang oleh panambang i : njupuki, nulisi, nggambari, mbalangi.
 3. Tanduk ke-kriya, kang oleh panambang ake : njupukake, nulisake, nggamarake, mbalangake.
3. Ater-ater dak, ko, di. (tripurusa).
Rimbage diarani tanggap tripurusa.
- a. Tanggap utama purusa: dakpangan, dakjupuk, dakwaca lsp.
 - b. Tanggap madyama purusa: kopangan, kojupuk, kowaca lsp.

- c. Tanggap pratama purusa: dipangan, dijupuk, diwaca
lsp.
1. Tanggap utama purusa kriyawantah: dakgambar, dak-tulis, dakjaluk.
 2. Tanggap utama purusa i-kriya: dakgambari, daktulisi, dakjaluki.
 3. Tanggap utama purusa ke-kriya: dakgambarake, daktuliske, dakjalukake.
 4. Ater-ater sa, pa, pi, pra, tar ka.
Tembung lingga kang oleh ater-ater sa, pa, pi, pra, tar,
utawa ka dadi lingga andhahan.
Rimbage iya banjur diarani lingga andhahan.

a. Ater-ater sa.

Tuladhane :

sa + yuta dadi	sayuta
sa + atus "	satus
sa + anak "	sanak
sa + iji "	siji
sa + iket "	seket
sa + ulah "	solah
sa + omah "	scmah

Ana tembung lingga sawatara kang purwane aksara swara
yen diater-ateri sa tuwuh aksarane k.

sa + esuk	dari sakesuk
sa + enjing	dadi sakenjing
sa + ujur	" sakojur
sa + eca	" sakeca

Pakecapane ater-ater sa iku ana 4 warna, yaiku:

- a. sa
- b. se
- c. sak
- d. su

Tegese ater-ater sa :

1. Siji : seket, satus, sarupiah lsp.
2. Sabarang : solah, saparentahe, sakarepe

3. Kabeh : (wong) sajagat, (wong) sadesa, (wong) saomah, (banyu) sasumur.
4. Nunggal: (langguh) sadhingklik, (turu)sakamar , (lenggah) sakareta, (nulis) sameja karo.
5. Karo utawa dalah: (jaran) salapake,(pakarangan) saomahe, (omah) saprabote.
6. Padha karo: sagunung anakan, salumbung,sakrambil.
7. Sawise utawa bareng: saulihe, sapatine,satekane , saangkate.
8. Nganti: saenteke, sarampunge, saresike, saasate, sawarege.
9. Saben utawa siji-sijine: sajinahe rega rong puluh rupiyah, sametere bathi limalas rupiyah lsp.
10. Angger utawa janji: sakobere, saselane, sabisane.

b. Ater-ater pa.

Ater-ater pa ndadekake tembung aran.

Trape lumrah bae : pa + lingga

pa + tuku	dadi	patuku
pa + layu	"	palayu
pa + iji	"	piji
pa + asok	"	pasok
pa + ajeg	"	pajeg
pa + ujar	"	pojar
pa + emut	"	pemut
pa + omah + an	"	pomahan
pa + n + colot	"	pancolot
pa + n + thungul	"	panthungul) katuwuhan
pa + ng + kirig	"	pangkirig) aksara irung

Tegesing ater-ater pa.

1. Ndadekake tembung aran kang luwih gumathok tinimbang linggane: pakewuh,pojar,potang,akoleh.
2. Srana kanggo nindakake kriya kang metu saka ing ling gane: patuku, palang, penget, pasumbang
3. Wong kang nindakake pagawean: padang,pasindhen, pangon.
4. Dadi lesaning kriya: pakon, paweh, pasuguh

5. Ukuraning wektu utawa barang :

- (suwene) sapadang
- (Gedhene) telung parangkul
- (Wis ana) sapanginang

6. Lelakon kang kasebut ing babad :

Pagiyanti, Pakabad, Pacina, Paregreg.

c. Ater-ater pi.

Ater-ater pi ndadekake tembung aran lan luwih bregas utawa alus tinimbang linggane utawa yen oleh ater-ater pa.

pi + wulang	dadi piwulang
pi + sungsung	" pisungsung
pi + unjuk	" piunjuk
pi + tuwas	" pituwas
pi + takon	" pitakon
pi + rembag	" parembag
pi + sowan	" pisowan

Tegesing ater-ater pi :

1. Ndadekake tembung aran lan luwih bregas tinimbang kang oleh ater-ater pa.

piwales	luwih	bregas	tinimbang	pawales
pinuju	"	"	"	panuju
pikoleh	"	"	"	pakoleh

2. Srana kanggo nindakake kriya kang kasebut ing linggane :

pikukuh	---->	srana	kanggo	ngukuhake
pitutur	---->	srana	kanggo	nuturi
pitulung	---->	srana	kanggo	nulungi
pirukun	---->	srana	kanggo	ngrukunake
piwelas	---->	srana	pratandhaning	welas
pikudhung	---->	"	kanggo	kudhung

d. Ater-ater pra.

Trape :

1. Lumrah bae, ora ngowahake tembung kang diraketi. Dene pakecapane terkadhang owah dadi: pre utawa per.

pra + data -- pradata -- predata utara perdata.
pra + jurid -- prajurit - prejurit utawa perjurit.
pa + tingkah - pratingkah -- pretingkah utawa
pertingkah

2. Yen purwaning lingga aksara y, pra sok owah dadi pri
prayoga sok owah dadi priyoga.
prayangan sok owah dadi priyangan
prayayi sok owah dadi priyayi

Tegesing ater-ater pra.

- a. Ndadekake tembung aran(wong) kang kaanane utawa pagaweane kacetha ing lingzane;

prajurit

pradata

- b. Kadadean utawa lesaning kriya.

pratandha

prajanji

- c. Padha karo linggane, mung bae luwih bregas

prasasat luwih bregas tinimbang sasat

pramila " " " mila

pravata " " " nyata

pratandha " " " tandha

pravitna " " " " uitna

prayer " " " " boy

Katrangan :

- a. Ater-ater pra sok lira-liru karo ater-ater pa, pi utawa pri :

pralambang \longrightarrow palambang

pravayi $\xrightarrow{\text{---}}$ pivayi, payavi

prakas - , priyaj - ,
prakansa -----> prikanca

prahana → prihane
prahava → prihava

- b. Ater-ater pra sok diulur dadi para, mra dadi mara. Kosok baline para utawa mara sok digarba dadi pra utawa mra.

para desa owah dadi pradesa

mara tapa ovah dadi mratapa

pradandan uwah dadi paradandan

e. Ater-ater tar.

Trape :

Lumrah bae ora ngowahake tembung kang diraketi.

Tegese :

Padha karo linggane, mung pakecapane luwih ngengreng utawa bregas.

tartamba	tegese	padha karo tamba
tarkadhang	"	" " kadhang
tarwaca	"	" " wacaka (terang)
tarwela	"	" " wela-wela (cetha)
tarbuka	"	" " kabukak

f. Ater-ater ka.

Tembung kang oleh ater-ater ka banjur anujud tembung aran.

Rimbage uga klebu lingga andhahan.

ka + asil	-----→	kasil
ka + wong	-----→	kawong
ka + ubeng	-----→	kubeng
ka + wruh	-----→	kawruh

Katrangan:

Ana maneh ater-ater ka kang diraketake ing tembung kriya.

Tegese iya banjur beda karo conto ing dhuwur iku.

5. Ater-ater kuma, kami, kali.

Rimbage diarani bawa kuma, bawa kami, bawa kali.

Tuladha:

kumaratu)	anggepe kaya
kumalanda)	

kumawani)	ambek
kumawasis)	

kamigilan)	banget
kamikakon)	
kapiadreng)	

kapilayu ---→ klayu banget

Ana kang oleh ater-ater pari lan para kang tegese memper lan ater-ater ing dhuwur iku :

- paracampah -----> seneng nyenyampah
- parawadulan -----> seneng wadul
- paratantang -----> seneng nantang
- paramarta -----> ambek welasan
- parikudu -----> kudu; kumadu-kudu
- parikrama -----> ngenggoni suba-sita

6. Ater-ater ka lan ke.

a. Ater-ater ka.

- ka + jupuk -----> kajupuk
- ka + tulis -----> katulis
- ka + gawa -----> kagawa
- ka + gambar -----> kagambar

kajupuk rimbage aran tanggap ka kriya wantah

kajupukan " " " " i-kriya

kajupukake " " " " ke-kriya

Tanggap ka mratelakake kriya pasif (kriya tanggap)

b. Ater-ater ke.

Rimbage aran bawa ka.

Bawa ka mratelakake kaanan, ora dijarag.

Trape lumrah bae kadeleh ing sangareping lingga.

Kajaba yen linggane apurwa aksara swara, (a,i,u,e,o), utawa apurwa r,w,l ater-ater ke sok luluh karo linggane .

ke + abur	: kabur
ke + atur	: katur
ke + andheg	: kandheg
ke + iris	: keris
ke + ilu	: kelu
ke + idak	: kidak
ke + ecer	: kecer
ke + embet	: kembet
ke + etang	: ketang
ke + rungu	: krungu

ke + rasa	: krasa
ke + walik	: kwalik
ke + kliru	: kliru
ke + lebu	: klebu lsp.

B. S E S E L A N

1. Seselan er lan el.

Rimbage kegolong lingga andhahan.

Trape :

a. Ana ing saburining aksara mati purwaning lingga.

gereng	<u>gelereng</u>
tambal	<u>terambal</u>
gebyar	<u>gelebyar</u>
cethor	<u>celethor</u>

Panulise lan pakecapane tembung kang diwenehi se-selan er, utawa el lumrahe diringkes dadi rong wanda:

titis	teritis	penulise	lan	pakecapane	tritis
-------	---------	----------	-----	------------	--------

tatab	teratab	"	"	"	tratab
-------	---------	---	---	---	--------

gereng	<u>gelereng</u>	"	"	"	<u>glereng</u>
--------	-----------------	---	---	---	----------------

b. Manawa linggane apurwa aksara swara (a, i, u, e, o,) utawa r lan l, linggane kewuwuhan aksara ka, sambajure trape seselan lumrah padha conto ing dhuwur.

awu	kelawu
-----	--------

awe	kelawe
-----	--------

ewa	kelewa
-----	--------

Tegesing seselan el utawa er.

a. Akeh : (pating) brangkang

(")	gramang
-------	---------

(")	sliri
-------	-------

b. Ambal-ambalan : (pating) tlethok

(")	glerit
-------	--------

(")	krekot
-------	--------

c. Nyrambah : (pating) trambal

(")	cruwil
-------	--------

(")	trempel
-------	---------

(")	dlemok
-------	--------

d. <u>Alon-alonan</u> :	ndlewer	(saka : dlewer)
	nglembreh	" klembreh
	ngglimpang	" glimpang
	nglumpruk	" klumpruk
	nggreses	" greges
	nggremet	" gremet

2. Seselan um.

Tembung kang oleh seselan um rimbage diarani bawa ma.

Trape :

- a. Lumrah bae, lire saburine aksara mati ing purwaning Lingga : saji -----> sumaji
rujak -----> rumujak
singkir ---> sumingkir

b. Manawa linggane apurwa aksara swara, seselan um dipapanake ing sangarepe lingga, sarta swarane u ora diucapake.

Tuladhane: aju -----> umaju -----> maja
inger -----> uminger -----> minger
enggok -----> umenggok -----> menggok
egar -----> umegar -----> megar
obah -----> umobah -----> mobah
uluk -----> umuluk -----> muluk

c. Menawa linggane apurwa p utawa w seselan um uga kadekek ing sangareping lingga, aksara p utawa w luluh, lan swarane u ing ngarep ora diucapake.

V um + wetu -----> umetu -----> metu
V um + wijil -----> umijil -----> mijil
V um + pesat -----> umesat -----> mesat
V um + pati -----> umati -----> mati

d. Ana tembung sawatara kang nyebal saka pathokan ing dhuwur iku, kayata :

ayu	dadi	kumayu
ingsun	"	kumingsun
enjep	"	kumenjep
emping	"	kumemping
oyod	"	kumoyod
wasis	"	kumasis

wadung	dadi	kumadung
panggang	"	kumanggang
pelok	"	kumelok
bagus	"	gumagus
bobor	"	gumobor lsp.

Tegesing seselan um.

- a. Kriya, obah utawa solah:

tumandang	mabur
sumaur	lumaku
gumuyu	sumisih

} kriya } olah (solah)

- b. Lagi sedheng-sedhenge: rumujak, kumanggang, kumebet, jumambak
- c. Duwe anggep : rumatu-ratu, kuminter, kumasis.
- d. Dadi tembung aran : kumukus, kumuning, dumadi, tumitah
- e. Kadunungan kaanan: gumludhug, gumleger, jumegur, guwilap.
- f. Dadi tembung krama kang luwih ngajenis tinimbang karo linggane:
 rumiyin luwih ngajeni tinimbang riyin
 dumugi " " " dugi lsp.

Seselan in.

Tembung kang oleh seselan in rimbage diarani tanggap ma. Trape:

- a. Lumrah bae, dipapanake ing saburining aksara purwa ning lingga :
- tulis -----> tinulis
 - ganjar -----> ginanjar
 - penthung ---> pinenthung
- b. Menawa linggane apurwa aksara swara, seselan in dipapanake ing sangareping lingga sarta wujude owah dadi ing :
- ambah -----> ingambah
 - idak -----> ingidak
 - ejur -----> ingejur
 - olah -----> ingolah
 - untal -----> inguntal

- c. Yen seselan in tumrap ing tembung kriya kang uga oleh panambang i, penambange i owah dadi an.
 tanduk : nggambari dadi tanggap ginambaran
 mangsuli " " winangsulan
 nakoni " " tinakonan.
- d. Tembung kriya kang linggane apurwa aksara irung, ora kena diseseli in. Nanging ing kidung ana wuwuhan i ing ngarepe tembung kang kaya mangkono :
nyunyuk dadi inyunyuk tegese pada karo dinyunyuk.
- e. Ana tembung kang wis oleh seselan in, isih diandhahake maneh kaya dene tembung lingga :
 sinung diandhahake maneh dadi kesinungan, nyinungi.
 pinarak " " " pinarakan, minaraki,
 dipinarakake.

Tegese seselan in.

- a. Padha karo tembung kang oleh ater-ater ka utawa di :
- | | | |
|-----------|-------------|------------|
| tinulis | = katulis | = ditulis |
| sinembah | = kasembah- | = disembah |
| jinupukan | = kajupukan | = dijupuki |
- b. Padha bae karo tembunge lingga, mung bae luwih ngeengreng utawa bregas :
- | | | | | |
|------------|-------|-----------|-----------|----------|
| sinekti | luwih | ngengreng | tinimbang | sekti |
| sinatriya | " | " | " | satriya |
| linuwih | " | " | " | luwih |
| pinandhita | " | " | " | pandhita |
- c. Padha karo tembung kang oleh ater-ater ke.
- | | |
|-----------|-------------|
| pinanggih | = kepanggih |
| linuwih | = keluwih |

C. P E N A M B A N G

1. Penambang i.

Trape :

- a. Penambang i yen karaketake tembung tanduk rimbage diarani tanduk ikriya.

makani ----> njaluki

nukoni ----> nggambari

marani ----> miwiti

- b. Menara diraketake karo tembung tanggap tri purusa rim bage iya aran tanggap purusa ikriya.

daktu isi ----> tanggap utama purusa ikriya.

kotulisi ----> " madyama " "

ditulisi ----> " pratama " "

- c. Penambang i ing saburining tanggap ka utawa tanggap na owah dadi an.

katulis + i katulsan

tinulis + i tinulisan

kajupuk + i kajupukan

jinupuk + i jinupukan

Tegesing penambang i.

1. Nuduhake dunung :

nanduri ----> nandur ing

mbalangi ----> mbalang ing

maculi -----> macul ing

2. Jejere akeh. Lesane akeh. Kriyane rambah-rambah.

Jejer, lesan lan kriyane pisan akeh. Kayata:

Sapa sing meneki rambutan kae ? (Jejere akeh).

Siti njupuki karuk (Lesane akeh).

Sariman ngemplongi mori (Kriyane rambah-rambah).

Bocah-bocah ngundhuhi sawo (Jejer, lesan lan kriyane akeh).

3. (Wiwit) kadunungan kaanan utawa memper karo kang kasebut ing linggane:

mbosoki (-iwit kadunungan kaanan bosok)

mbrindhili (wiwit kadunungan kaanan brindhil)

ndesani (memper wong desa)

njawani (memper wong Jawa)
 mriyayeni (memper priyayi)

4. Ngonjoni utawa ngluwih kaanan kang kasebut ing linggane:

ngambani (gawe luwih amba)
 nyendhaki (gawe luwih cendhak)
 ndhuwuri (gawe luwih dhuwur)

5. Ngganepi, kehe dadi kaya kang kasebut ing linggane:

neloni (ngganepi dadi telu)
 nglimani (" " lima)

6. Slametan:

nyepasari
 nyelapani
 mitoni

7. Gawe (ndadekake, njalari) kaanan kang kasebut ing linggane :

nggateli (gawe.gatel)
 matuki (njalari matuk)
 mbilaeni (ndadekake bilaai)

2. Penambangan.

Trape :

a. Lumrah bae, ing saburining lingga sigeg.

gampang + an dadi gampangan
 sabar + an dadi sabaran
 gelis + an dadi gelisan

b. Manawa linggane wekasane menga banjur luluh karo wekasaning lingga mau :

gawa + an dadi gawan
 bali + an dadi balen
 buru + an " buron

c. Penambang in yen karekatake tembung lingga kang oleh ater-ater ka utawa seselan in, penambang i owah dadi an :

ka + tulis + i katulisan)
 ka + jupuk + i kajupukan) tanggap kaikriya

d tulis + i tinulisan)	tanggap na ikriya
jinupuk + i jinupukan)	

Tegesing penambang an.

1. Oleh-olehaning kriya kang metu saka ing linggane : bathikan, gambaran, paculan.
2. Apa-apa kang dadi lesaning kriya : tukon, gawan, panganan, tontonan.
3. Panggonaning, apa-apa kang kasebut ing linggane : pandhean, krakalan, wedhen.
4. Tetiron utawa apa-apa kang memper karo kang kasebut ing linggane: jaranan, manukan, gunungan.
5. Pakumpulaning apa-apa kang kasebut ing linggane : grumbulan, alang-alangan, glagahan.
6. Piranti kanggo nindakake kriya kang metu saka linggane: ubuhan, tulupan, sempritan.
7. Genten nglakoni kriya : tabokan, bithen, tempiling-an, jotosan.
8. Kadunungan kaanan kang kasebut ing linggane: bosenan, isinan, lalen, elingan.
9. Kanggo sedhiyan: sembelihan, tunggangan, pameran.
10. Nganggo apa-apa kang kasebut ing linggane: kudhungan, klamben, sepaton.
11. Pirang-pirang (akeh): ewon, atusan, pethen.
12. Lelakon kang kasebut ing babad: Dipanegaran, Trunajayan.
13. Gampang tuwanduking kriya, utawa gampang kadunungan kaanan kang kasebut ing linggane: tugelan, muruban, maten, mutungan.
14. Dadi tembung aran marga kadunungan kaanan kang kasebut ing linggane: legen, rambutan, tosan, kuningan , kambangan, duren, cemengan, cebolan, picakan lsp.

3. Penambang_en

Trape :

- a. Lumrah bae, yaiku yen ana ing saburining lingga si-geg:

jupuk	+	en	jupuken
bidhur	+	en	bidhuren
lumpang	+	en	lumpangen

- b. Menawa linggane wekasane menga, penambang en dadi nen :

suda	+	en	sudanen
tunggu	+	en	tunggunen
tari	+	en	tarinan

Arane rimbage:

- a. Rimbag : guna

Wujude : lingga + en

Tegese : nandhang kaanan kang ala utawa ora nyeneng ake

Tuladha : panunen, bubulen, gudhigen, jamuren, bubuk en, uleren, jenggoten, rungonen, tomtomen lsp.

- b. Rimbag : adiguna

Wujude : ke + lingga + en

Tegese : mratelakake kaanan kang banget utawa nglu-wihi ukuran

Tuladha : kabangen, kejeron, kelemon, kelegen, kegedhen, kamban lsp.

- c. Rimbag : hagnya (pakon) tanggap.

Wujude : lingga (kriya) + en

Tuladha : ombenen, paculen, garapen, gawanen, jupuk en, tulisen, lsp.

Kat rangan:

1. Hagnya tanggap kriya wantah, garapen, tulisen, jupuken
2. Hagnya tanggap ikriya: garapana, tulisana, jupukana
3. Hagnya tanggap kekriya: garapna, tulisna, jupukna

4. Penambang ake (aken)

Trape :

a. Lumrah bae yen ana ing saburining tembung kang wanda ne wekasan sigeg :

mbalang + ake dadi mbalangake
disuwun + ake dadi disuwunake
njaluk + ake dadi njalukake

b. Menawa wandane wekasan sigeg n, aksara n melu owah dadi k :

jajan dadi njajakake
takon " nakokake
dandan " ndadakake

c. Menawa wandane wekasan menga, wanda menga iku kasi-
gegake k dhisik.

Yen wanda wekasan aswara i owah dadi e.

Yen wanda wekasan aswara u owah dadi o.

gawa dadi nggawakake
lali " nglalekake
tuku " nukokake

Tegesing penambang ake.

a. Menawa linggane tembung kriya (wasesa).

1. Njalari : mbandhangake, ngunggahake, nglebokake,
lsp

2. Lesane gumathok (transitif)

anakokake, nguwatirake lsp.

3. Akon ing liyan: ngecapake, ndandakake, nambakake

4. Jejer lan lesane bebarengan nindakake :

Mlayoake (jaran)

Nyabrangake (adhine)

Nyingkirake (meja)

5. Lesane dadi srana tumindaking kriyane:

Nydukake (keris)

Makakake (suket)

Menthungake (teken)

6. Nindakake kanggo :

Njajakake (Saridin)

Nukokake (anake)

Nggam arake (adhine)

7 Ora dijarag:

mecahake,	tandhingen	karo mecah
nyuwékake	"	" nyuwék, dijarag.
mutungake	"	" mutung

b. Menawa linggane tembung kahanan:

1. Gawe : ngambakake, nggedhekake, nesokake, nyregepake.
2. Nganggep : ngalakake, mbenerake, ngremehake, ngedenake, mrayogakake, ngluputake.
3. Nitipriksa: nyatakake, nggenahake, nyakinake.

c. Menawa linggane tembung aran tegese:

Nggawa utawa nglebokake menyang ing :

ngandhangake, ngulonake, ngalorake, mondhekake

Arane rimbag:

Tembung tanduk yen oleh penambang ake rimbage aran:
tanduk kekriya.

Tembung tanggap yen dipanambangi ake rimbage iya banjur
aran: tanggap ka kekriya ----> kagawakake
tanggap na kekriya ----> ginawakake
tanggap utama purusa kekriya --> dakgawakake
tanggap nadyama purusa kekriya -->kogawakake
tanggap pratama purusa kekriya --> digawakake

5. Penambang a.

Rimbage aran : a). hagnya (pakon) tanduk

Wujude : tembung tanduk + a.

(nulisa, nggambara, mbalanga, mangana,
nggwaa lsp).

Katrangan : tembung tanduk + a pakon tanduk kriya
wantah

tembung lingga + en pakon tanggap kri
ya wantah

b). sambawa.

Wujude : tembung tanpa penambang + a.

(udana, isiha, duwea, lsp)

Tegese penambang a : pangarep-arep, senajan, upama,
muga-muga, pakon

Katrangan :

Bedane pakon lan sambawa mono cethane menawa tembung kang
maya penambang a iku dietrapake ing ukara. Upamane:

Udana deres iya meksa mangkat (sambawa).

Menanga anggone grejegan iya ora ana paedahé. (sambawa)
Rahayua lakumu. (sambawa)

Mbalanga kae mangsa kenaa. (sambawa)

Njaluka dolanan Sidin! (pakon)

Njaluka dolanan ta rak ya mesthi diwenehi. (sambawa)

6. Penambang ana.

Tanduk i kriya bisane dadi pakon tanduk ikriya, srana
ngowahi penambange "i" dadi "ana"

Pakon tanduk ikriya : nggamarana, nulisana, makanana
lsp.

Pakon tanggap ikriya: gambarana, tulisana, pakanana lsp.

7. Penambang na.

Tanduk ke kriya, dadine pakon tanduk kekriya, srana
ngowahi penambange "ake" dadi "na"

Pakon tanduk ke kriya : njupukna, nggambarna, nulisna

Pakon tanggap ke kriya: jupukna, gambarna, tulisna.

Rimbag tandang :

Wujude: dak + lingga + e, ane, ne

a). Tandang kriyawantah : daksulame.
dakgarape.

b). Tandang ikriya : dakdondomane.
dakgawanane

c). Tandang ke kriya : dakwacakne
dakjalukne.

Rimbag sananta :

Wujude: dak utama di ing sangareping tembung tanduk
lan tembung kaanan

a). Sananta utama purusa : dakkangan
daknggabari
daknulisake
dakadus
dakturu.

b.). Sananta pratama purusa : diprayitna
disregep
dingati-ati lsp.

Tegese: arep, supaya, prayoga, sing, kang lsp.

8. Penambang ku, mu, e.

Tegese mratelakake kang andarbeni utawa kang duwe
klambi + ku klambiku
gambar + mu gambarmu
jarit + e jarite

Katrangan: a). e sok owah dadi ne.

klambi + e	klambine
sapu + e	sapune
embah + e	embahé (embahne)
bapak + e	bapaké (bapakne)

b.). ne sok dadi ning :

dawane	dawaning
gambirane	gambiraning lsp.

c.). Penambang ku, mu, e ndadekake tembung
aran :

Sarija nggawa beras (tembung kriya)
Nggawane ora ngati-ati, mula numplak.
(tembung aran)

Dhadhunge dawa. (tembung kaanan)

Dawane sepuluh meter (tembung aran)

D. PANGRANGKEP.

Ewoning pangrangkep iku ana warna telu, yaiku : kang di-
rangkep:

- I. Tembunge, diarani dwilingga, kayata: murid-murid
- II. Wandane wiwitan; diarani dwipurwa, kayata: tetuku
- III. Wandane wekasan: diarani dwisawana, kayata: celuluk

I. Dwilingga.

Tembung dwilingga iku dumadine sarana ngrangkep linggane.
Pangrangkepe ana rong warna, yaiku :

1. Bares. Rimbage diarani dwilingga.
2. Ngowahake swara. Rimbage diarani dwilingga salin
swara.

① Rimbag dwilingga tuladharé :

- a). vocah-bocah
tata-tata
becik-becik
- b). ajug-ajug (linggane ora tau kanggo)
lopak-lopak (linggane ora tau kanggo)
ali-ali (linggane ora tau kanggo)

Carane ngrangkep.

1. Tembung wod kang sigeg, yen digawe rimbag dwilingga, aksarane sesigeg ora diambali.
Kayata: je dadi jejer
lur dadi lulur
dol dadi dodol
2. Jamboran tunggal, yen digawe dwilingga, tembunge ngarep lan ing buri ora diambali, Kayata:
kalamenjing dadi kalamenjing-kalamenjing
semarmendem dadi semarmendem-semarmendem

Dene jamboran udhar, yen digawe dwilingga, sing diambali mung tembunge kang ngarep bae. Kayata:
tukang batu dadi tukang - tukang batu
gudhang semen " gudhang - gudhang semen
klambi kurung " klambi - klambi kurung
3. Tembung lingga kang oleh ater-ater sa,pa,pi,pra,ka, yen digawe dwilingga ater-atre melu diambali, Kayata:
sapantha dadi sapantha - sapantha
satus " satus - satus
pawarta " pawarta - pawarta
pitutur " pitutur - pitutur
piyagem " piyagem - piyagem
prakara " prakara - prakara
pratelan " pratelan - pratelan

kasil dadi kasil - kasil
kawruh " kawruh- kawruh

4. Tembung kriya kang ater-ateré anuswara luluh karo purwaning tembungé lingga, yen digawe dwilingga, aksarane irung diambali.

Dene yen ater-ateré mau ora luluh, aksarane irung ora diambali.

Tuladha :

- a). mulis dadi nulis-nulis
mikir " mikir-mikir
nyandhung " nyandhung-nyandhung
- b). nggugat dadi nggugat-gugat
njaluk " njaluk-jaluk
ndhudhuk " ndhudhuk-dhudhuk

Tegese tembung kang kanthi rimbag dwilingga.

a. Yen linggane tembung aran, tegese :

- 1. Akeh : Fitik-pitike wis dipakani
- 2. Kayata (upama) : Sidin wenehana pohung-pohung kono!
- 3. Bangsa (penunggalan) : Saben dina bakul-bakul padha mara menyang ing omahe
- 4. Minangka dadi : Undhang-undhange wacanen !
Wara-warane wis dipacak.

b. Yen linggane tembung kriya, tegese :

- 1. Kayata (upama) : Tinimbang nganggur bok ya maca-maca kana. !
Adus-adus dhisik ta kono!
- 2. Peksan : Lunga-lunga bareng ditundhung.
Turu-turu bareng diekon bapakne.
- 3. Tansah (rambah-rambah) : takon-takon
bengok-bengok
surak-surak lsp.
- 4. Lesane ora gumathok : Simbok lagi pipes-pipes
Sarijah asah-asah ana ing sumur
- 5. Banget (babar pisan) : Simbok ora teka-teka
Kowe aja lunga-lunga
Pagaweane durung rampung-rampung

- c. Yen linggane tembung kaanan, tegese :
1. Janajan : Ala-alal isih sedulur dhewe
Cilik-cilik awake kiyeng
 2. Punjul : Sugih-sugihe-wong ing desa Jetis bapakmu
dhewe Si Sardi sregep-sregep bocah i ng kene
 3. Tansah(rambah-rambah) : Atine (su)melang-(su)melang
Mripate gilar-gilar.
 4. Sangsaya: Lawas-lawas pinter
Suwe-suwe banyune agung
 5. Adu, yen kanthi penambang an : rikat-rikatan
apik-apikan
gedhe-gedhenan
- d. Yen linggane tembung aran, kriya, kaanan kang karaketan ater-ater sa, tegese:
Warna-warna; sadhengah lan ora gumathok :
- sakarep-karep
saparan-paran
sawangsaa-mangsane
sagelem-geleme
saoleh-olehe
satiba-tibane

(2) Rimbag dwilingga salin-swara.

Tembung dwilingga salin swara iku linggane ana sing kanggo ana sing ora.

- a). Sing linggane kanggo, ana 3 tarna yaiku kang owan swarancius tembung .
1. kang ngarep, kayata : botha-bothi (lingga: bathi)
 2. kang buri, kayata : barang-bereng (lingga: barang)
 3. karo pisan, kayata: genjang-ganjing (lingga:gonjing)
- b). Dene dwilingga salin swara kang linggane ora tau kanggo kayata: brewa-brewo
kolang-kaling
wira-wiri.

Tegese tembung kang karimbag dwilingga salin swara

1. Ndadekake ora senenge sing guneman :

Bocah kae gembar-gembor

Aja dhuwat-dhuwit bae

2. Tumanduking kriyane ora ajeg :

gela-gelo

mundar-mundur

mingsar-mingser

Katrangan :

Bab iki beda tegese karo tembung dwilingga kang ora owah swarane .

gelo-gelo (tumanduking kriyane ajeg)

mundar-mundur (" " " ")

mingser-mingser (" " " ")

II. Dwipurwa-

Rimbag dwipurwa iku tembung lingga kang dirangkep wandane wiwitan :

Tuladha : lima dadi lili

jamu " jajamu

lara " lalara lsp.

Panulise :

1. Tembung dwipurwa iku yen ditulis nganggo aksara Latin wandane wiwitan ajeg dipepet (e). Dadi panulise tembung tembung ing dhuwur mau :

lelima

jejamu

lelara

2. Tembung, kriya kang wandane wiwitan luluh karo ater-atera anuswara, trape ana ing rimbag dwipurwa aksarane irung melu dirangkep :

mangan(linggane : pangan) dari memangan

nukang(" : tukang) " nenukang

nyuwun(" : suwun) " nyenyuwun

3. Yen aksara purwaning lingga ora luluh karo ater-ater
anuswara, aksarane irung mung ditulis sepisan :
 njaluk (linggane: jaluk) dadi njejaluk
 nggasah (" : gasah) " nggegasah
 mbahak (" : bahak) " mbebahak
4. Yen purwaning lingga karaketan sandhangan panyigeging
wanda (cecak, layar) utawa sandhangan wyanjana(cakra,
keret), sandhangan mau ora melu karangkep :
 sengkang dadi sesengkang
 tanggul " tetanggul
 warta " wewarta
 garwa " gegarwa
 prejeng " peprejeng (an)
 prenah " peprenah(an)
 brekat " bebrekat (an)
5. Yen wandane wiwitan sigege, aksara sesigege mau ora
melu dirangkep :
 kinthil dadi kekinthil
 simpang " sesimpang (an)
 bekta " bebekta(n)
6. Tembung kang apurwa aksara swara (a, i, u, e, o) lan
tembung kang wandane kapindho nunggal aksara karo -
wandane wiwitan, sarta sarupaning tembung kang luwi
saka rong wanda, ora kena digawe rimbag dwipurwa.
 unjuk ora bisa dadi uunjuk
 dandan " " " dedandan
 bebed " " " bebebed
 tembaga " " " tetembaga
 lempuyang " " " lelempuyang

Tegese tembung kang dirimbag dwipurwa.

1. Yen linggane tembung aran, tegese:

- a. Kriya (nganggo) : pepayung, kekudhung, teteke
- b. Bangsa (ewon) : gegitik, pepatih, lelurah
- c. Nyrambahai : tetiyang, wewengkon, dedalan

2. Yen linggane tembung kriya, tegese :
 - a. Kriya kang lesane ora gumathok :
tetuku, kekulak, tetakon
 - b. Nyrambah: njejaluk, nyenyilih, nenurun
3. Yen linggane tembung kaanan, tegese :
 - a. Aran mawa kaanan kang kasebut ing linggane
pepedhes, kekecut, reribed
 - b. Warna-warna: lelembut, leluhur
4. Yen linggane tembung wilangan, tegese :

Wilangan ora gumathok: tetelu, pepitu, lelima

III. Dwiwasana.

Rimbag dwiwasana iku dumadi saka tembung ngrong wanda
kang dirangkep wandane wekasan.

Dene pangrangkepe mangkene :

1. Yen wanda wiwitan aswara e (pepet) lan wanda kapindho
sigeg, sesigege wanda kapindho ora katut diambali.
cekak dadi cekakak
cengis " cengingis
2. Yen purwaning tembung lingga ora aswara e (ora mawa
pepet) dadine dwiwasana wandane kapisan banjur aswa-
ra e (pepet) :
jodhot dadi jedhodhot
budhug " bedhudhug
cingak " cengingak
cawuk " cewawuk

Tegese tembung kang dirimbag dwiwasana:

Ora gumathok, (ora ajeg) utawa ambal-ambalan :
cingak mung sepisan
cengingak ora gumathok (ora ajeg)
nyeluk mung sepisan
celuluk ambal-ambalan

Wuwuhan :

Tembung dwilingga, dwipurwa lan dwiwasana menawa diraketi penambang "an" rimbage aran :

wisesana dwilingga, wisesana dwipurwa lan wisesana dwiwasana.

Tuladha :

a. tulup - tulupan } rimbag : wisesana dwilingga
jaran - jaranan }

b. tetukon } rimbag : wisesana dwipurwa
lelungan }

c. cengingisan rimbag: wisesana dwiwasana
cekakakan

E. TEMBUNG JAMBORAN.

Tembung jamboran iku dumadi saka pamoring tembung loro kong tegese digerba dadi siji :

I. Mirid wujude ana warna 2 yaiku :

a). Jamboran tugel : dubang saka idu + abang
lunglit " balung + kulit
dhokkur " ndhodhok+mungkur
dhengus " gedhe + bagus

b). Jamboran wutuh:

tanem - tuwuh	saka tanem	+ tuwuh
titi - mangsa	" titi	+ mangsa
silih-asih	" silih	+ asih
sangga-wedhi	" sangga	+ wedhi
gudhang-kopi	" gudhang	+ kopi

II. Mirid tegese tembung-tembung kang diemor, dibedakake 2 golongan:

a). Jamboran tunggal, yaiku kang tembung-tembunge banjur nganakake teges anyar :

naga + sari	nagasari (araning panganan)
ganda+ maru	gandamaru (araning sambungane kayu , blandar lsp).

gantung + siwur gantung siwur (urut-urut ane kula - warga, mudhun 7 turunan).

- b). Jamboran udhar, yaiku kang tembung-tebung isih madeg dhewe-dhewe lan tegese durung luluh: pager-wesi, tukang sepatu, gula tebu lsp.

Warna-warnaning tembung jamboran.

1. Kang tembung ing buri dadi katrangane tembung kang ngarep: dalanggung, dubang, pala kependhem, gudhang-kopi, driji sikil lsp.

2. Kang tembung-tebung mujudake gerban sarta ing antara-ne kena diseseli tembung lan (karo) :

bapa-biyung	= bapa lan biyung
anak-putu	= anak lan putu
bumi-langit	= bumi lan langit
rina-wengi	= rina lan wengi

3. Tembung-tebung kang mratelakake cacah utawa ukuran iku uga awujud gerban.

Dene gandhenge ateges : lan, karo utawa tikel
 suwidak pitu : suwidak + pitu
 patang meter : tikel papate semeter
 sangang atus : tikel sangane satus

4. Tembung kang ngarep lan kang buri padha tegese :

Dene prelune kanggo mbangetake surasane.

Ana kang ateges: ora gumathok, akeh utawa warna-warna, ndadekake basa rinengga (pacakan).

sabar-drana	} mbangetake
andhap-asor	
welas-asih	
sungsun-timbun	

sumbang-surung	} ora gumathok
tambal-sulam	
tutur-sembur	

sanak-kadang	} akeh utawa warna-warna
bot-repot	
tanem-tuwuh	

sisip-sembir
mula-buka }
janma-manungsa } basa rinengga utawa pacakan

5. Asale saka basa manca (Sangsekrita) :

raja-putra
duka-cipta
trisula
panca baya
dwipurwa lsp.

Tumrap tembung Jawa, urut-urutane tembunge kudu diwalik.

Dadi : putra raja

cipta duka

sula tri

baya panca

purwa dwi

Mula ana ing basa Jawa tembung : raja-putri , dwilingga lsp.
diarani jamboran bali-swara.

Trapining penambang ing tembung jamboran.

1. Tembung jamboran tunggal yen dikantheni penambang, penambange diraketake ing tembunge kang buri :

Bakul kae mata-dhuwiten

Kala-menjinge lara

Pinter nguyah-asemi

2. Ing tembung jamboran udhar penambange digandheng karo tembunge kang ngarep.

Gulane aren wis entek

Tukange batu lagi nyambut gawe

Bapakmu cilik wis mulih

Tegese tembung jamboran.

1. Aran : semar-mendem, nagasari.

2. Kaanan : undha-usuk, pare-anom, silih-asih.

3. Kriya : salah-weweng, suduk-jiwa, dhokkur lsp.

Wuwuhan sawatara bab rimbag.

1. Tanggap tarung.

Wujude : tembung dwilingga , linggane kang buri oleh seselan in.

Tuladha: jambak-jinambak, dugang-dinugang, tabok-tinabok.

Tegese : mratelakake genti-genten (wales-walesan)

2. Dwilingga tanggap na.

Wujude : tembung dwilingga, linggane kang ngarep oleh seselan in.

Tuladha: jinambak-jambak, jiniwit-jiwit, sinuwir-suwr lsp.

Tegese : mratelakake manawa tumindaking kriya bola-bal li (marambah-rambah) , tansah

3. Bawa ma tundha.

Wujude : tembung dwilingga, linggane kang buri oleh seselan um.

Tuladha: sugih-sumugih, sampir-sumampir, jangkah-ju - mangkah, timbal-tumimal.

Tegese : a. kriya kang tumindake genten urut-urutan.
b. tansah utawa ambal-ambalan kadunungan ka-anan.

4. Dwilingga bawa ma.

Wujude : tembung dwilingga, linggane kang ngarep oleh seselan um.

Tuladha: gumludhug-gludhug, cumeri-ceri, gemendhung - gendhung, tumangkar-tangkar

Tegese : tansah (ambal-ambalan), banget, sumrambah (mratani).

5. Kriya wacaka:

Wujude : pa + tanduk (tembung tanduk oleh ater-ater pa)

Tuladha: panyukur, panandur, panulis

Tegese : anggone

6. Karana wacaka.

Wujude : pa + tanduk + an, (tembung tanduk oleh ater-
ater pa lan penambang an)

Tuladha: panyukuran, panulisan, panginepan.

Tegese : piranti (srana), papan kanggo.

7. Daya wacaka:

Wujude : pa + lingga + an (tembung lingga oleh ater -
ater pa lan penambang an).

Tuladha: pasuwitan, pawon, paprangan, paguyuban pa -
kiwan, panen, palayangan

Tegese : ndadekake tembung aran, mratelakake panggon-
an (dunung), piranti, mangsa; wong kang nih-
dakake .

8. Bawa wacaka:

Wujude : ka + lingga + an (tembung lingga oleh ater -
ater ka lan penambang an).

Tuladha: kadewatan, kalurahan, kasekten, kateguhan ,
kapinteran.

Tegese : ndadekake tembung aran, mratelakake-papan -
(panggonan, dunung)